



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AKÒDE KLEMANS POU SÈZ MOUN

Kontinye akonpli angajman pou akòde klemans sou yon baz kontinyèl

Baze sou efò Gouvènè a pou refòm pwosesis klemans lan, sa gen ladan konvoke yon Komite Konsiltatif ki gen ekspè san patipri, dedye lòt resous ekip ak ogmante kominikasyon avèk aplikan yo

Aprè aplikasyon refòm pwosedi yo, Gouvènè Hochul te akòde klemans pou 36 moun nan ane 2023, plis pase nenpòt ane nan manda li a jiskaprezan

Gouvènè Kathy Hochul te akòde jodi a klemans pou 16 moun, ki gen ladan 12 padon ak kat atenyasyon pèn. Aksyon sa a rekonèt moun ki te demontre remò, ki pwouve reyabilitasyon, epi ki montre yon angajman pou amelyore tèt yo ak kominote pa yo. Sa a se twazyèm fwa Gouvènè Hochul akòde klemans ane sa a pandan li ap kontinye respekte angajman li genyen pou revize ak aji sou aplikasyon pou klemans yo sou yon baz kontinyèl, olye yon sèl fwa nan fen ane a. Aprè li te aplike refòm pwosedi yo nan pwosesis klemans lan, Gouvènè Hochul te akòde klemans pou 36 moun nan ane 2023, plis pase nenpòt ane nan manda li a jiskaprezan.

"Atravè pwosesis klemans la, se responsablite solanèl mwen antanke Gouvènè pou m rekonèt efò moun yo te fè pou amelyore lavi yo epi montre redanmsyon posib", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè m te antre an fonksyon, mwen te angaje pou m amelyore pwosesis sa a epi m te dedye resous ki nesèsè pou m akòde klemans sou yon baz kontinyèl. Administrasyon mwen an pral kontinye travay pou asire ke pwosesis sa a sèvi Nouyòk yo nan pi bon fason posib."

Sibvansyon sa yo fè swivi a angajman Gouvènè Hochul pou dedye lòt resous ekip pou revize aplikasyon yo, sa k ap ede asire pwosesis kontinyèl sa a kapab fèt nan yon fason siyifikatif epi ke chak aplikasyon kapab resevwa atansyon total ak alè yo merite.

Biwo Gouvènè a te franchi yon kantite etap pou amelyore transparans ak kominikasyon nan pwosesis klemans lan. Biwo Klemans Egzekitif (Executive Clemency Bureau) la te aplike yon nouvo politik pou voye lèt regilye bay moun ki gen aplikasyon pou klemans, pou enfòmasyon yo sou sityasyon ka yo, epi bay enfòmasyon sou fason pou soumèt enfòmasyon siplemantè pou sipòte aplikasyon pa yo. Biwo Gouvènè a te lanse tou yon

nouvo sant wèb sou entènèt pou ede aplikan klemans yo avèk pwosesis aplikasyon an; sant sa a gen ladann nouvo modèl fòmilè aplikasyon pou klemans pou alafwa padon ak atenyasyon pèn pou bay kandida potansyèl yo konsèy amelyore sou ki enfòmasyon pou mete lè y ap aplike.

Gouvènè a te konvoke tou yon Komite Konsiltatif pou Klemans ki gen ladann ekspè san patipri pou ede konseye Gouvènè a sou aplikasyon klemans yo. Apre rekòmandasyon Komite Konsiltatif Klemans lan, Gouvènè Hochul ap akòde padon pou 12 lòt moun ki gen kondanasyon ki gen omwen yon deseni epi redui kondanasyon kat moun.

Padon yo

Vitaliy Dorum, 41 ane, te viv yon lavi san krim pandan 19 ane. Li te vini Etazini kòm yon adolesan epi li te viv isit la pandan apeprè 24 ane. Li marye ak yon sitwayèn Amerikèn epi li gen anpil manm fanmi, tankou yon timoun, ki se sitwayen Ameriken. Mesye Dorum te travay kòm yon enjenyè lojisyèl akonpli. Yo te kondane Mesye Dorum pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Senkyèm Degre ak Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Setyèm Degre an 2004. Yon padon pral ede l pouswiv natiralizasyon pou l vin yon sitwayen ameriken.

Andres Rivera, 43 ane, te viv yon lavi san krim pandan 22 ane. Li te vini Etazini kòm yon adolesan, epi li te viv isit la pandan plis pase 30 ane, epi li gen yon timoun ki se yon sitwayen Ameriken. Mesye Rivera te travay pandan plizyè ane nan endistri jesyon pwopriyete a. Yo te kondane Mesye Rivera pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Setyèm Degre an 2001. Yon padon pral ede l pouswiv natiralizasyon pou l vin yon sitwayen ameriken.

Donnell Reed, 55 ane, te viv yon lavi san krim pandan 32 ane. Li se yon sitwayen Ameriken ak veteran militè, ki te enskri pou premye fwa nan Lame Etazini an nan laj 19 ane. Li te sèvi nan sèvis aktif ak kòm yon manm nan rezèv yo pandan plizyè ane anvan yo te libere l ak onè. Mesye Reed te travay kòm yon manadjè sekirite ak nan divès wòl sèvis piblik pou ajans gouvènman lokal yo. Yo te kondane Mesye Reed pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Katriyèm Degre an 1991.

Miledys Jett, 54 ane, te viv yon lavi san krim pandan 31 ane. Li te vini Etazini kòm yon adolesan epi li te viv isit la pandan plis pase 40 ane. Li marye ak yon sitwayen Ameriken epi li gen de pitit ki se sitwayen Ameriken tou. Madam Jett te travay kòm yon moun k ap bay swen nan yon mezon retrèt pou plis pase de deseni. Yo te kondane Miledys Jett pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Dezyèm Degre an 1992. Yon padon pral ed evite menas depòtasyon pou li kapab rete Etazini avèk fanmi li ak nan kominote li.

Noel Watson, 60 ane, te viv yon lavi san krim pandan 30 ane. Li te vini Etazini nan ventèn li epi li te viv isit la pandan plis pase 30 ane. Li marye ak yon sitwayen Ameriken epi li gen plizyè manm fanmi, tankou timoun ak frè ak sè, ki se sitwayen Ameriken oswa Rezidan Pèmanan Legal. Mesye Watson te travay kòm mason ak pent epi li aktif nan

kominote lokal li a. Yo te kondane li pou Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre ak Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre an 1993. Yon padon pral ede l pouswiv natiralizasyon pou l vin yon sitwayen ameriken.

Devon Cottman, 49 ane, te viv yon lavi san krim pandan 23 ane. Li se yon sitwayen Ameriken, li sèvi kòm premye moun k ap okipe pitit li yo, epi li ap dirije yon ti biznis. Yo te kondane li pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre an 2000.

Holdemar Cruz, 41 ane, te viv yon lavi san krim pandan 18 ane. Li se yon sitwayen Ameriken. Li travay kòm elektrisyen epi li se yon moun k ap okipe pitit li yo. Yo te kondane li pou Posesyon Kriminèl Sibstans Kontwole nan Katyèm Degre an 2005.

Bernardo Encarnacion, 70 ane, te viv yon lavi san krim pandan 20 ane. Li te viv Etazini pandan plis apeprè 25 ane epi te gen de timoun ki se sitwayen Ameriken. Li te travay nan endistri sèvis manje a pou plis pase 15 ane. Kounye a li pran retrèt epi li ap resevwa swen ak sipò enpòtan nan men fanmi l nan Etazini. Yo te kondane Mesye Encarnacion pou Antre san Otorizasyon Kriminèl nan Dezyèm Degre an 2003 ak Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Setyèm Degre an 1999. Yon padon pral ede l pouswiv natiralizasyon pou l vin yon sitwayen ameriken.

Justin Riley, 31 ane, te viv yon lavi san krim pandan 14 ane. Li se yon sitwayen Ameriken. Depi kondanasyon li an, li te kenbe travay ak, ak patnè li, li ede sipòte pitit pa yo. Yo te kondane Mesye Riley pou Tantativ Vòl nan Twazyèm Degre an 2009 pou yon ofans ki te komèt lè li te gen 16 zan.

Jose Antonio Reyes, 48 ane, te viv yon lavi san krim pandan 25 ane. Li se yon sitwayen Ameriken. Li opere yon ti biznis epi, ak patnè li, li ede sipòte pitit pa yo. Yo te kond Mesye Reyes pou Tantativ Vòl nan Dezyèm degre an 1998.

Warren Stewart, 42 ane, te viv yon lavi san krim pandan 13 ane. Li te vin Etazini lè li te yon adolesan, li te rete isit la pou apeprè 28 ane, epi li gen manm fanmi imedya ki se sitwayen Ameriken. Mesye Warren travay kòm yon travayè fewonye epi li aktif nan fanmi li ak nan kominote lokal la. Yo te kondane Mesye Stewart pou Vòl nan Dezyèm Degre an 2010. Yon padon pral ede evite menas depòtasyon ak ede li pouswiv natiralizasyon pou l vin yon sitwayen ameriken.

Kayode Oseni, 33 ane, te viv yon lavi san krim pandan 13 ane. Li te vin Ozetazini lè li te gen sizan epi kounye a li te rete isit la pou pifò nan lavi li. Li marye ak yon sitwayen Ameriken epi yo gen yon jèn timoun ki se sitwayen Ameriken tou. Depi kondanasyon li an, li te genyen yon Diplòm Asosye ak yon Diplòm Lisans epi li te kenbe travay li. Li aktif nan kominote lokal li a epi li ede pran swen manman l. Yo te kondane Mesye Oseni pou Vòl nan Premye Degre an 2010 pou yon ofans ki te komèt lè li te gen 18 zan. Yon padon pral ede li evite menas depòtasyon pou li kapab rete Etazini avèk fanmi li ak nan kominote li.

Atenyasyon Pèn yo

Alexander Dockery, 54 lane, te kondane pou Vòl nan Dezyèm Degre, Vòl nan Twazyèm Degre, Tantativ Vòl nan Dezyèm Degre, ak Antre san Otorizasyon Kriminèl nan Dezyèm Degre ant 2000 ak 2002. Kondanasyon sa yo soti nan vòl nan apatman ki pa okipe kote pèsonn pa te blese fizikman. Yo te kondane l a 25 ane nan prizon, kote li te pije pèn li pou prèske 23 ane. Lè li te kòmanse kondanasyon li a, li poko fini edikasyon segondè; pandan l nan prizon, li te genyen yon G.E.D, Diplòm Asosye, Diplòm Lisans, ak Metriz atravè Bard College ak New York Theological Seminary. Kounye a, Mesye Dockery ap sèvi kòm asistan ak titè nan Pwogram Edikasyon Prizon Inivèsite New York la, pou ede lòt moun ki nan prizon yo reyisi nan edikasyon. Lè yo lage li, Mesye Herion pral viv ak fanmi li epi li gen entansyon pouswiv yon Ph.D.

Yo te kondane Eric Davidson 54 ane, pou Vòl nan Dezyèm Degre ak Posesyon Kriminèl Pwopriyete yo Volè nan Senkyèm Degre nan ane 2012. Yo te kondane l a 16 ane nan prizon, kote li te pije pèn li pou prèske 14 ane. Pandan anprizònman li a, Mesye Davidson te konplete pwogram edikasyon prekolèj anvan li te kontinye pou jwenn yon Diplòm Asosye. Kounye a li ap etidye pou l fini yon pwogram Diplòm Lisans epi li kontinye reyalize siksè akademik. Li te pibliye ekriti li yo nan yon jounal literè epi yo te chwazi l pou l patisipe nan pwogram pou moun ki nan prizon ki byen akonpli nan domèn akademik. Mesye Davidson sèvi kòm grefye nan blòk onè nan etablisman li a, epi li te travay kòm yon grefye bibliyotèk ak kòm yon asistan pwogram ede lòt moun nan prizon yo prepare pou siksè pandan y ap reyentegre kominote pa yo. Dapre kondanasyon orijinal li a, Mesye Davidson t ap elijib pou libète pwovizwa an 2026. Yo chanje santans mesye Davidson lan pou pèmèt li gen yon opòtinite pi bonè pou l parèt devan Konsèy Libète Pwovizwa a pou ke Konsèy la ka pran yon detèminasyon pou konnen si li apwopriye pou libète pwovizwa a.

Yo te kondane Michael Young, 64, pou Vòl nan Premye Degre, Tantativ Vòl nan Premye Degre, ak Vòl nan Dezyèm Degre an 2004 ak 2005. Yo te kondane li pou 45 ane nan prizon, kote li te pije pèn pandan plis pase 20 ane. Pandan li nan prizon, Mesye Young te genyen yon Diplòm Asosye ak yon Diplòm Lisans, epi li planifye pou l pouswiv yon Metriz. Li te ankouraje lòt moun ki nan prizon tou pou yo pouswiv edikasyon yo. Mesye Young te yon lidè nan kominote relijye li a, li te genyen rekonesans kòm yon konseye pou lòt moun. Dapre kondanasyon orijinal li a, Mesye Young t ap elijib pou libète pwovizwa an 2041, lè li ta gen plis pase 80 ane. Yo chanje santans mesye Young lan pou pèmèt li gen yon opòtinite pi bonè pou l parèt devan Konsèy Libète Pwovizwa a pou ke Konsèy la ka pran yon detèminasyon pou konnen si li apwopriye pou libète pwovizwa a.

Trevell Coleman, 49, te kondane pou Asasina nan Dezyèm Degre an 2012. Kondanasyon Mesye Coleman a soti nan yon ofans li te komèt an 1993, lè li te gen 18 ane. Li te konsidere kòm yon ka ki klase jiska 2010, lè Mesye Coleman, sou pwòp volonte li, te antre nan yon biwo polis ak konfese krim nan, eksplike ke li te ranpli ak kilpabilite pou sa li te komèt la. Yo te kondane Mesye Coleman pou 15 ane nan prizon, kote li te pije pèn li pou prèske 13 ane. Pandan anprizònman li a, li te genyen yon

Diplòm Asosye, li te fasilite pwogram prevansyon vyolans ak konsèy sou sobriyete epi li te patisipe nan yon varyete pwogram edikatif, reyabilitatif, ak pwofesyonèl. Kounye a, asistan pwokirè distri a ki te jere pouswit li a ak jij ki te kondane l la ap sipòte aplikasyon pou misye Coleman lan. Dapre kondanasyon orijinal li a, Mesye Coleman ta elijib pou libète pwovizwa an 2025. Yo chanje santans Mesye Coleman lan pou pèmèt li gen yon opòtinite pi bonè pou l parèt devan Konsèy Libète Pwovizwa a pou ke Konsèy la ka pran yon detèminasyon pou konnen si li apwopriye pou libète pwovizwa a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)